

Ou vle travay? Ou gen dwa sa a!

Lwa travay yo se yon seri règ ki pwoteje tout moun k ap travay Ozetazini, ki gen ladan travayè san papye, timoun, ak adolesan. Lwa sa yo bay dwa travayè yo.

Kèlkeswa laj ou, si w ap travay Ozetazini, ou gen dwa sa yo.

Patwon yo dwe suiv lwa ki baze sou laj ou. Si w poko gen 18 an, ou pa ka travay nan yon travay ki danjere.

► Si w gen 14 oswa 15 lane, ou ka travay sèlman andeyò lè lekòl. Nan pifò ka, ou ka pa travay plis pase:

- **3 èdtan** nan nenpòt jou lekòl
- **8 èdtan** lè lekòl la pap travay
- **18 èdtan** pandan yon semèn lekòl oswa
- **40 èdtan** nan yon semèn ki pa gen lekòl.

Ou pa ka travay anvan 7:00 a.m. oswa apre 7:00 p.m. nan nenpòt ki jou, eksepte soti nan 1ye jen jiska Jou travay, ou ka travay jiska 9:00 p.m.

Règ yo diferan pou travay agrikòl.

Gen kèk vil ak eta ki gen diferan pwoteksyon pou travayè yo.


PATWON YO PA KA

- Refize peye w pou travay ou
- Fè w rate lekòl
- Itilize vyolans sou ou
- Menase pou fè ou menm oswa fanmi w mal
- Menase pou rele imigrasyon oswa lapolis
- Mande w bay manti sou laj ou
- Pran pyès idantite w, telefòn ou, oswa lòt bagay ou posede
- Mande w fè anyen ki gen rapò ak seks
- Fòse w, jwe fent, oswa fòse w travay
- Refize ba w poz oswa jou konje
- Mande timoun yo pou yo fè travay danjere (si yo poko gen 18 an)

PATWON YO DWE

- Peye w pou tout èdtan w travay yo
- Peye ou salè minimòm lan (omwen)
- Peye w lè siplemantè si w travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn
- Bay w fòmasyon sou sante ak sekirite nan travay nan yon lang ou konprann
- Ba w ekipman pwoteksyon (tankou gan oswa mask) si w bezwen sa
- Ba w poz pou w manje epi sèvi ak twalèt la
- Suiv règleman yo sou konbyen èdtan ou gen dwa travay ki baze sou laj ou

KIJAN W KA PWOTEJE DWA W NAN TRAVAY LA?



PRAN RESPONSA- BLITE W

Aprann dwa w nan espas travay la.
Ou gen dwa travay san danje, pou yo peye w alè, ak nan kantite lè travay lalwa otorize.

DOSYE

Kenbe tras lè travay ou.

- ▶ Kantite èdtan w travay ak dat la
- ▶ Konbyen yo peye w
- ▶ Lè yo te peye w
- ▶ Non konplè ak adrès patwon w lan, chèf sèvis ou, ak adrès kote w ap travay la.

DI SA W SANTI

Pale ak yon granmoun ou fè konfyans, tankou yon paran, gadyen, avoka, oswa pwofesè.

Si yo maltrete w, yo trete w yon faso ki pa jis, si w santi w pa an sekirite nan travay ou, oswa si yon moun w ap travay pou li vyole dwa w, ou ta dwe ekri oswa anrejistre sa ki te rive w la ak dat sa te rive. Si w blese, chèche jwenn swen medikal, pran foto blesi w yo, epi kenbe nenpòt dosye medikal ou genyen.

PLIS ENFÒMASYON SOU DWA W YO

Si yon moun w ap travay pou li Ozetazini pa respekte lalwa, oswa yon moun ap fòse w travay nan yon travay ki pa respekte lalwa, ou ka kalifye pou sèten benefis ak sipò legal. Li empòtan pou w pale ak yon avoka. Si w gen yon avoka imigrasyon, oswa yon avoka nan KIND, yo ka kapab ede w jwenn yon avoka dwa travayè ki ka ede w. Ou ka rapòte vyolasyon yo tou dirèkteman bay ajans gouvènman yo ki fè aplike lwa travay yo.

- ▶ Pou plis enfòmasyon sou dwa federal ou kòm yon jèn travayè: www.dol.gov/agencies/whd/youthrules/young-workers
- ▶ Èske yo pa peye oswa w travay twòp èdtan? Kontakte Divizyon salè ak èdtan travay Depatman travay la nan 1-866-487-9243 oswa www.dol.gov/agencies/whd/contact/complaints
- ▶ Èske w pa an sekirite nan travay la? Kontakte Administrasyon sekirite ak sante nan travay (OSHA) nan 1-800-321-6742 oswa www.osha.gov/workers/file-complaint
- ▶ Èske w blese nan travay la? Chèche jwenn asistans medikal epi mande yon fòm Konpansasyon travayè nan men patwon w. Ou ka jwenn konpansasyon menm si w poko gen 18 an oswa ou san papye. Ou ka resevwa benefis kèlkeswa moun ki te lakoz sa rive a. Règ yo varye selon eta a, men ou ka aprann plis nan www.dol.gov/general/topic/workcomp

Ki travay ki danjere?

Men kèk egzanp travay ki danjere:

Kondui

Patisri

Travay nan min

Travay sou do kay

Demolisyon

**Itilize nechèl
oswa echafo**

**Travay ak machin a
motè tankou, aparey
pou siye, malakse,
konpaktè**

**Vann nan lari, sou pals
publik oswa kay an kay**

**Fè brik, mozayik, ak
materyèl ki sanble**

**Travay ak machin ki
transfòme vyann oswa
bèt volay oswa travay
nan frizè vyann oswa
aparey pou kenbe bagay
glase**

Ki dokiman mwen bezwen?

Pou moun ki pa sitwayen ameriken, ou bezwen swa yon pèmi travay valab oswa yon kat rezidans pèmanan (sa yo rele tou yon "kat vèt") nan Depatman Sekirite Enteryè, ansanm ak pwòp nimewo Sekirite sosyal ou.

Lefètke w gen yon nimewo Sekirite Sosyal sa pa toujou vle di ou ka travay legalman. Si w vle aprann plis sou fason pou w travay legalman Ozetazini, ou ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon.

Gen kèk gouvènman lokal ki mande pou "papye travay" pou tout timoun ak adolesan k ap travay. Ou ka poze kesyon sou sa nan lekòl ou a.

Menm si w pa gen papye sa yo, patwon yo oswa chèf sèvis yo dwe suiv lwa travay yo.

- ▶ Ou ka kontakte Depatman Travay lokal eta w la tou lè w jwenn eta w ap viv nan lis sa a: www.dol.gov/agencies/whd/state/contacts
- ▶ **Yo fòse w travay?** Ou ka rele Liy dirèk nasyonal pou trafik moun tou nan 1-888-373-7888 oswa voye enfòmasyon pa mwayen mesaj tèks nan 233733 oswa www.dhs.gov/blue-campaign
- ▶ Gen kontwòl èdtan ou yo ak yon aplikasyon Fich tan gratis www.dol.gov/agencies/whd/timesheet-app

**Ou gen
dwa sa a!**

**Menm si w ap travay
nan yon travay
danjere oswa san
otorizasyon.**

KONNEN DWA W! NOTE VYOLASYON YO! DI SA W PANSE!



Pou w aprann plis sou dwa w yo epi jwenn
resous pou chèche èd vizite:
supportkind.org/preventing-child-labor-exploitation

Enfòmasyon yo bay yo se pou edike w e yo pa konsèy legal.

KIND
KIDS IN NEED OF DEFENSE